

**Yon Gid Pou Nouvo Lwa Tanporè sou Ekstansyon SSI Pou Imigran Imanite Yo
Li koumanse nan dat pwemye (1) Oktòb 2008**

Reveni Sipleman tè Sikirite (SSI) bay asistans pou granmoun ki pa fè anpil kòb ak moun ki gen dezablite. Depi 1996, benefis SSI pou refije ak kèk lòt imigran imanite te disponib sèlman pou 7ane. Ak Ekstansyon SSI pou Granmoun ak Refije ki gen Dezablite (Lwa Piblik 110-328), pèmèt imigran sa yo kontinye kalifye pou SSI epi yo kapab resevwa SSI pou pi piti 2 ane ankò.

Papye sa reponn kèk nan keksyon yo renmen mande anpil sou nouvo lwa sa-a. Li pale sou EM nan kote sa nesèsè.

1. Mwen pèdi SSI mwen paske 7 tan-an pase. Eske map benefisye anba lwa sa (Si ou pat janm aplike pou SSI anvan, ale nan keksyon 6)

Ou kapab benefisye si ou ranpli youn nan kondisyon sa yo:

a) Ou ponkò gen 18 tan oswa ou gen plis pase 70 zan.

Ekzanp: yon mon ki vini Ozetazini nan mwa Septanm 1996 pèdi SSI li nan mwa Oktòb 2003 apwe li te resevwa li pou 7 tan. Si moun sa-a gen plis pase 70 zan, li kapab kalifye pou li resevwa SSI pou 2 zan ankò, koumanse nan mwa Oktòb 2008. Li kapab resevwa yon twazyèm men li ponkò janm resevwa li rive jouk nan Oktòb 2010.

b) Ou ponkò gen 6 zan depi ou gen rezidans pèmanant (Green Kat).

Ekzanp: yon moun kit e jwenn azil nan mwa Oktòb 1998 koumanse resevwa SSI pou dezablite nan mwa Novanm 1998 jiska Novanm 2005, 7 tan apwe li te jwenn azil. Li aplike pou rezidans pèmanant nan mwa Novanm 1999 epi, apwe yon bon bout tan, li resevwa kat rezidans li nan mwa Janvyè 2004. Li kapab kalifye pou 2 zan SSI anplis, koumanse nan Oktòb 2008 epi li kapab resevwa yon twazyèm ane si li aplike pou sitwayen meriken nan Oktòb 2010 konsa.

c) Ou aplike pou rezidans pèmanant pandan 4 ane konsa apwe out e koumanse resevwa SSI.

Ekzanp: yon refije kit e vini Ozetazini nan Fevrye 1999 koumanse resevwa SSI nan lane 2010 lè li gen 55 kan. Nan 2003, li aplike pou kat rezidans epi li jwenn li. (Yo konsidere li reside depi nan Fevrye 1999, sa vle did at lit e antre Ozetazini). NAN Mas 2006, benefis SSI li koupe poutèt limit 7 tan rive. Li gen 63 zan kounye-a e li kapab resevwa jouka 2 zan SSI koumanse nan Oktòb 2008. Li kapab resevwa yon twazyèm ane si li aplike pou sitwayen meriken nan Oktòb 2010 konsa.

d) Ou te antre nan pwogram Kiben/Ayisien

Ekzanp: You moun ki te jwenn estate Kiben Ayisien nan Me 1997. Yo te ba li SSI nan lane 2000 poutèt li gen yon dezab lite epi li resevwa SSI jouk nan Jen 2004 lè

yo te elimine li. Kounye-a li kapab jouka 2 zan SSI koumanse nan Okòb 2008 epi li kapab resevwa yon twazyèm ane si li aplike pou sitwayen meriken nan Okòb 2010 konsa.

e) Yo te anile yon lòd depòtasyon ou te genyen.

Ekzanp: Si yo te anile lòd depòtasyon yon moun nan Desanm 1998. Li te kalifye pou SSI nan Janvyè 1997 poutèt lit e gen yon dezablite, men yo te sispann li nan Janvyè 2003. Li kapab resevwa jouka 2 zan SSI anplis koumanse nan Oktòb 2008. Li pap kalifye pou twazyèm ane poutèt li papa kapab aplike pou sitwayen meriken.

f) Ou aplike pou natiralizasyon oswa wap tann pou ou prete sèman.

Ekzanp: Yon moun ki antre Ozetazini ak estate refije nan Desanm 1998 epi lit e koumanse resevwa SSI nan Janvyè 2000 lè lit e gen 65 kan. Yo te sispann SSI li nan Janvyè 2006 poutèt limit 7 tan rive. Menm lè yo te apwouve aplikasyon natiralizasyon li men li ponkò resevwa sètifika li poutèt te gen dèl pou yo te chieke dosye li. Li kalifye pou 2 zan SSI anplis koumanse nan Oktòb 2008 epi li kapab resevwa yon twazyèm ane si li ponkò resevwa sètifika li nan lè sa-a. (Moun sa kalifye tou anba kategori (a))

2. Eske tout moun ki te pèdi SSI yo poutèt 7 tan limit lan te rive kapab kalifye pou plis benefis anba Ekstansyon SSI la?

Non. Immigran imanitè yo ki pa kalifye pou youn nan tout kategori nou site anwo-a kapab pa kalifye pou 2 zan anplis. Ekzanp: Yon refije kit e antre Ozetazini nan Oktòb 1998 lè lit e gen 33 zan e ki te gen rezidans pèmanant li nan 1999 (yon ane apwe li te antre) epi pita lit e koumanse resevwa SSI lè lit e gen 35 kan poutèt lit e gen yon dezablite. Li te pèdi SSI li nan Novanm 2005 epi li gen 43 zan kounye-a. Li ponkò aplike pou sitwayen meriken. Toutotan li pa aplike li pap kalifye pou ekstansyon-an poutèt li déjà gen rezidans pèmanant li pou plis pase 6 zan.

3. Konbe ane SSI mwen kapab resevwa anplis si yo te sispann mwen?

Si ou kalifye, ou kapab resevwa SSI pou yon lòt 2 zan koumanse pwemye (1) Oktòb 2008. Si, apwe lè sa-a, menm lè ou ponkò sitwayen meriken, men si ou déjà aplike ou kapab resevwa SSI pou yon twazyèm ane jouk 30 Septanm 2011

4. Ki sa mwen bezwen fè pou mwen ka koumanse resevwa benefis SSI ankò?

SSA anonse yap retabli otomatikman imigran imanitè ki kalifye yo men kit e pèdi SSI yo poutèt 7 tan limit la te rive. Men tou kounye-a nou pa konnen kil lè SSA ap fè sa. **Kidonk nou rekoumande ou pou ou ale ou menm touswit nan biwo local Sekirite Sosyal kin an distri ou pou ou mande pou yo retabli SSI ou.** Ou kapab rele SSA tou nan nimewo 1-800-772-1213. Si ou soud oswa si ou pa tande ben, rele TTY gratis nan 1-800-325-0778.

Si yo te sispann benefis SSI ou nan Oktòb oswa Novanm 2008 epi ou ale nan biwo-a pou ou mande pou yo retabli li, SSA dew retabli dwa oua lamenm. Koumanse nan Desanm 2008,

imigran ki kalifye pou Ekstansyon-an pa ta dwe pèdi SSI poutèt 7 tan limit lan. Benefis yo ap kontinye pou yon lòt 2 zan ankò pou pi piti.

Si yo te sispann benefis SSI ou anvan pwemye (1) Oktòb 2008, SSA ab bezwen pwèw kalifikasyon finansye pou tout lòt mwa apwe pwemye (1) Oktòb 2008 epi yo ka mande pwèw pou yo wè si wap chache pou ou vin gen Rezidans oswa pou ou vin sitwayen meriken. Si ou pa genyen pwèw estate imigrasyon ou koresponn ak ekzijans lwa-a, SSA ap mande ou pou ou siyen yon deklarasyon epi yap chieke estate imigrasyon ou. SSA ap chieke tou kalifikasyon finansye ou pou tout lòt mwa yo koumanse nan pwemye (1) Oktòb 2008. Si ou ka bay pwèw kalifikasyon soti depi nan dat sa-a, SSA ap rekoumanse benefis ou soti depi nan pwemye (1) Oktòb 2008, kèlkeswa lè ou ale-a. Sise pa sa, wap resevwa SSI pou sèlman mwa yo ou moutre ou kalifye. Gade keksyon nimewo 7 pou plis anfòmasyon pou nouvo aplikan.

5. Mwen te konn resevwa SSI pou dezablite men yo te vin sispann li poutèt 7 tan limit lan. Eske map gen pou'm moutre mwen toujou gen yon dezablite pou'm ka rekoumanse resevwa SSI?

Non. SSA toujou ekzije moun ki gen dezablite men ki pontkò resevwa SSI pou plis pase yon (1) lane, pou yo bay pwèw yo toujou gen dezablite anvan yo retabli SSI yo. Men kounya-a, SSA pa ekzije moun pou yo rebay pwèw dezablite yo pou yo retabli SSI yo. NOTE: Yap toujou ekzije nouvo aplikan SSI yo sou ka dezablite pou yo bay pwèw dezablite yo.

6. Mwen toujou ap resevwa benefis SSI, men 7 tane Limit lan afekte mwen. Eske gen yon bagay mwen bezwen fè pou'm gen garanti map jwenn 2 zan SSI anplis?

Non. Si 7 tan limit lan afekte ou epi ou toujou ap resevwa SSI, ou pa bezwen fè anyen ankò kounye-a. Pita, SSA ka mande ou pou ou siyen yon deklarasyon ki moutre wap fè anpil efò pou chache vin sitwayen meriken. Men, si ou kalifye pou Ekstansyon-an, ou ap bezwen fè anyen. SSA ap kontinye benefis SSI ou otomatikman. Benefis SSI ou ap kontinye pou yon total 9 van. Si limit 9 van fini anvan Oktòb 2011, ou ka kontinye resevwa SSI jouk nan Oktòb 2011 sèlman si ou deja ranpli aplikasyon natiralizasyon ou.

Yo kapab sispann benefis kèk moun yo deja pwograme pou yo elimine nan Oktòswa Novanm 2008. Apwe sa yo ka retabli'l lamenn. Kontakte SSA si ou bezwen pou yo retabli benefis ou SSI lamenn. Ou ka kontakte oòganizasyon nan eta ou ye-a si yo fè erè yo sispann Mediked ou.

7. Mwen fèk gen 65 kan oswa mwen vin gen yon dezablite. Yo te di'm mwen pa ka jwenn SSI poutèt 7 tan limit mwen ekspire. Mwen pat janm resevwa SSI anvan. Eske nouvo lwa-la ka ede'm?

Moun ki gen azil, refije, ak kèk lòt imigran imanité ki ap aplike pou SSI pou pwemye fwa nan mwa Oktòb oswa anvan Oktòb 2008, yo kapab kalifye pou yo resevwa SSI, depann nan ki ane yo te gen estate refije, oswa yo te jwenn azil, oswa estate imigran imanité:

- Si ou jwenn estate ou apwe Oktòb 2002, ou kapab jwenn benefis jouk nan Oktòb 2011.

- Si ou jwenn estate ou ant Oktòb 1999 ak Oktòb 2002, ou ka resevwa SSI soti nan dat aplikasyon SSI la jouka ou gen 9 van depi out e jwenn estate refije, azil oswa estate imigran imanité. Apwe sa, ou kapab kontinye resevwa SSI jouk nan Oktòb 2011 sèman si ou ranpli aplikasyon pou natiralizasyon oswa si ou vin sitwayen meriken.
- Si ou jwenn estate ou anvan Oktòb 1999, ou pa kalifye pou Ekstansyon SSI.

Sonje: lwa espesyal say o aplike sèlman pou imigran ki ap aplike pou SSI pou pwemye fwa nan Oktòb 2008 oswa apwe Oktòb 2008.

8. Ki sa mwen dwe fè si mwen pa vin Sitwayen Meriken apwe 9 van?

Si ou toujou pa Sitwayen Ameriken apwe ou fin recsvwa benefis SSI pou yon lòt 2 zan, ou kapab kontinye resevwa SSI pou yon lò twazyèm ane si ou aplike pou ou vini sitwayen meriken epi wap tann. Men, yo pap peye ou benefis apwe 30 Septanm 2011. Ou oblije vin sitwayen meriken nan lè sa-a pou ou kapab kontinye resevwa benefis SSI, sof si Kongrè pase yon nouvo lwa.

9. Biwo Sekirite Sosyal te sispann SSI mwen poutèt 7 tan limit lan te rive. Eske map retounrn jwenn SSI depi lè,m te pèdi'l la?

Non, men ou kapab kalifye pou 2 zan SSI anplis koumanse nan Oktòb 2008. Si yo sispann SSI ou poutèt 7 tan limit lan rive, ou kapab resevwa SSI soti depi Oktòb 2008 epi kontinye jouk nan Oktòb 2010. Men, SSA pap ba ou benefis SSI pou okenn lòt mwa anvan dat sa-a.

10. Mwen tale nan biwo lokal SSA mwen pou yo retabli benefis SSI mwen, men yo te di'm mwen pat kalifye. Dapwe enfòmasyon ki sou papye sa-a, mwen kwè mwen kalifye. Ki sa'm tad we fè?

Kontakte biwo sèvis legal ou lamennm. Yo kapab ede ou.

11. Eske map toujou bezwen pwan tès Angle ak Sitwayènte-a pou ka vin yon Sitwayen Meriken?

Nouvo lwa-a pa chanje kondisyon yo pou yon moun vin Sitwayen Meriken. Sof si ou ponkò gen 18 tan, Biwo Sekirite Sosyal ap fè ou siyen yon deklarasyon ki moutre wap fè gwo efò pou ou chache vin Sitwayen Meriken. Si ou gen yon dezablite ki fè ou pa kapab apwann Angle, pale ak yon espesialis imigrasyon. Gouvènman-an kapab epaye ou pwan tès Angle ak tès istwa peyi-a.

12. Gen plis pase 6 mwa depi mwen aplike pou rezidans pèmanant oswa pou'm vin sitwayen meriken. Eske gen yon bagay mwen ka fè pou mande Imigrasyon pou yo travay sou papye'm yo pi vit?

Wi. Dapwe rezilta yon pwose ki fèk sot fèt ki rele Kaplan kont Chertoff, imigran yo lwa 7 tan limit lan kapab afekte toujou kalifye pou yo jwenn yo travay sou aplikasyon yo pwese pwese. Si ou gen plis pase 6 mwa depi wap tann, rele nan 1-800-889-4369 epi mnande pou yo travay sou

aplikasyon ou-a pwese pwese. Pwosedi pwese pwese sa-a toujou la menm apwe nouvo lwa sa-a fin pase.

Si ou ponkò aplike pou rezidans oswa pou sitwayènte, fè Citizenship and Immigration Services (CIS) konnen lè ou aplike pou yo ka travay sou aplikasyon ou-a pwese pwese paseke ou tonbe nan kategori “Kaplan” nan.

13. Mwen pa ka peye pou’ m aplike pou rezidans oswa sitwayènte. Eske gen èd ki disponib pou mwen?

Wi. Dapwe rezilta yon pwose ki fèk sot fèt ki rele Kaplan kon Chertoff, imigran ki gen SSI yo pou yon tan limite, yo kapab fè yo pa peye lajan aplikasyon-an si yo mande pou sa. Lè wap aplike pou rezidans oswa sitwayènte, sonje mande pou yon “fee waiver” se yon fòm kote ou mande pou ou pa peye lajan aplikasyon-an epi fè CIS konnen ou nan kategori “Kaplan” nan.

Tanpwi kontakte biwo local sèvis legal ou, bieu èd legal ou oswa yon òganizasyon kap goumen pou dwa moun pou yo kapab ede ou k nenpòt lòt keksyon ou genyen.